

Nourrir la vie

Yon bon kòmansman nan bay tete

Kisa pou w fè pou w byen komanse?

- Mete bebe a an kontak ak po w imedyatman sa posib apre akouchman an.
- Siveye siyal bebe a ap byen pran tete.
- Siveye siyal bebe a resevwa ase lèt.
- Bay tete imedyatman bebe a bay siyal li grangou !
- Pa tann li kriye.
- Pran swen tèt ou. Pou sa manje regilyèman, repoze w epi bwè anpil dlo.
- Bay tete souvan. Plis ou bay tete, plis w ap genyen lèt !



Avi : Zouti sa a egziste nan objektif pou bay enfòmasyon. Li pa ranplase rekòmandasyon yon pwofesyonèl sante. Si w genyen dout oswa difikilte grav, konsilte yon pwofesyonèl sante san pèdi tan.

Byen bay tete

Bebe a genyen nen li ki byen degaje epi manton li pre tete a.

Pwent tete a byen antre nan bouch bebe a.



Tèt bebe a panche dèyè.

Bouch bebe a kouvri yon bon pati nan areyòl la. Bouch li gran louvri.

Yon bon kòmansman nan bay tete

Siyal w ap byen bay tete

- Tete yo ak pwent tete yo p ap fè w mal.
- Bebe a vale pandan w a p bay tete. Bebe a sanble satisfè.
- Bebe a pwodui yon kantite pipi ak pou pou ki sifizan.
- Tete yo pi mou apre w fin bay tete.
- Bebe w pran pwa nan fason apwopriye.

Nan premye jou yo, tete ou ap pwodwi sèlman ti kantite kolostwòm. Li nòmal pou yo santi yo mou. Pa enkyete w, lèt ou ap vini byento!

Bay tete pa ta dwe fè mal.

Obsève kouchèt bebe a

Laj bebe a	1 jou	2 jou	3 jou	4 jou	5 jou à 3 semaines
Kantite kouchèt ki mouye	Omwen 1	Omwen 2	Omwen 3	Omwen 4	Omwen 6
Kantite pou pou	Omwen 1 oswa 2		Omwen 3		
Aparans pou pou yo	Nwa oswa vèt fonsè		Mawon, vèt oswa jòn		Jòn, mou oswa fè ti grenn

Konsilte si :

- si w genyen difikilte oswa doulè;
- ou kwè bebe a pa jwenn ase lèt.

Imaj ak tablo adapte de https://www.inspq.qc.ca/sites/default/files/mieux-vivre/alimentation/aide-memoire_pour_les_meres_qui_allaitent.pdf

